

## GATHUTKACA

Raden Gathutkaca satriya bagus, gagah prakosa tur sekti mandraguna.

### Peparabe

Arimbiatmaja (putrane Dewi Arimbi),  
Bimasawi (putrane Arya Bima), Guritna, Gurudaya.

### Bapak Ibune


Putrane Arya Bima/Wijasena/Werkudara,  
kadang penenggake para Pandhawa.  
Ibune asma Dewi Arimbi, putri negara Pringgodani

### Kesatriyane

Ing Pringgodani

### Garwane

1. Dewi Sumpati duwe putra Arya Jayasumpena
2. Dewi Pregiwa duwe putra Sasikirana
3. Dewi Suryawati duwe putra Suryakeca



### Watake

Kandel, kukuh, lantip, waspada, cukat trengginas tur trampil, bekti banget marang sesepuh. Sih tresna marang kadang sedulur.

### Gaman lan aji-ajine

Yen perang ora nate migunakake gaman. Yen mithing gulune mungsuh, dipluntir nganti pothol. Siyunge aran siyung kencana. Yen nyakot mungsuh, mungsuhe bisa tiwas. Amarga gagah prakosa, sekti mandraguna, tinalah mendat jinara menter, mula diumpamakake satriya otot kawat, balung wesi, sungsum gegala, driji gunting, kulit tembaga, sikut palu, dhengkul paron. Ngagem kotang antakusuma marakake bisa mabur tanpa elar. Bisa mletik tanpa suthang.

Duwe aji-aji Narantaka paringane Resi Seta, uga aji-aji Brajamusthi, Brajalamatan lan Brajawikalpa.

### Nalika laire

Nalika lair rupane elek kaya buta. Untune gedhe-gedhe, mripate mlorok, kulite mbengkerok. Rambute nyodok kaya duk. Pusere alot ora tedhas diiris. Bathara Narada maringi rangka dianggo ngethok pusere. Bareng pusere wis pedhot, rangkane musna, manjing ing pusere Gathutkaca. Gathutkaca banjur digodhok ing kawah Candramuka. Wekasane dadi satriya bagus, gagah prakosa tur sekti mandraguna.

### Lakon crita Gathutkaca

Gathutkaca lair - Pregiwa Pregiwati - Gathutkaca krama - Gathutkaca dadi ratu - Gathutkaca gugur - Parta krama lsp.